

MOUVMAN PEYIZAN PAPAY

MPP

GRAN ORYANTASYON MPP POU 10 ANE KAP VINI YO (2013-2023)

DOKIMAN TRAVAY KONGRÈ A.

1 – ENTWODIKSYON.

Ane 2013 la bay 40 ane depi Mouvman Peyizan Papay te kale nan ti kominote sa ki rele Papay la. Se pa yon mouvman peyizan nan Papay. Non Papay la endike sèlman kote premye gwoupman an, gwoupman KÈ KONTAN te pran nesans. Jodya, MPP prezan nan tout Plato Santral la.

Nan okazyo 40yèm anivèsè MPP a, dirijan ak dirijan yo te deside fè yon bilan 40 ane ekzistans mouvman an pou idantifye fòs ak feblès li yo, gade kòman li kapab transfòme feblès yo an fòs. Bilan an pèmèt MPP fè yon otokritik (kritike tèt li) epi pran mezi kap pèmèt li rektifye.

Genyen 300 asanble lokal ki patisipe nan refleksyon sou 40 ane MPP yo. Anplis refleksyon ki fèt nan asanble yo, genyen yon ankèt ki fèt nan 100 gwoup andedan MPP. Gwoup sa yo te kapab yon gwoup andedan yon asanble zòn, sa te kapab yon asanble lokal ou yon pati nan yon asanble lokal ki reponn 9 kesyon ki te poze.

Nou ramase 91 fòm ki tounen vin jwenn nou. Se 5 852 moun ki patisipe nan bay repons yo. Se yon gwo echantiyon ki mete MPP toutouni. Nou sèvi ak anpil done ki soti nan repons yo pou nou te prezante bay asanble jeneral la. Se tou sa ki pase nan asanble jeneral la ki pèmèt prepare dokiman sa pou kongrè a.

. Nou pral trete tout done yo, entèprete yo epi pwodwi yon dokiman ki pral tounen sou teren an paske koze yo mande ti chèz ba. Dokiman sa, aprè kongrè a fin ratifiye li pral tounen yon zouti travay pou oryante aksyon MPP pandan 10 ane yo ki pral mennen nou nan 50yèm anivèsè MPP an 2023.

Nou te bay lapawòl egalman a moun ki pa nan MPP andedan kominote yo pou yo te kapab kritike nou. Nou rive genyen yon bon lide sou jan moun ki pa nan gwoupman yo wè MPP. Nou konnen ki pèsèpsyon yo genyen sou nou. Sa enpòtan pou nou konnen kòman moun ki otou nou yo wè nou.

Nou bay lapawòl egalman a yon gwoup konsiltan ekstèn ki fè yon evalyasyon global MPP. Evalyasyon sa ban nou anpil lide, anpil rekòmandasyon nou dwe chita sou yo pou wè kòman yap ede nou korije sa ki merite korije pou pèmèt MPP vanse nan wout kap mennen nan yon veritab chanjman sosyal nan peyi Dayiti.

Nou itilize egalman sèvis yon konsiltan ekstèn ki ede nou monte yon plan estratejik ak pwogram aksyon yo pou 5 ane kap vini yo. Travay sa pral prezante nan kongrè a pou li jwenn ratifikasyon

kongrè a. Tou sa ki andedan li, se sa ki te soti nan bilan an ak nan asanble jeneral santral MPP a. Se òganize nou òganize done yo ki soti sou teren an ak patisipasyon yon gwoup responsab MPP.

Tout dokiman sa yo ak tou sa ki soti andedan kongrè a pral sèvi matyè premyè pou nou kontinye travay. Yo pral sèvi limyè kap kreye wout MPP a pou li kontinye lite pi rèd pou bati yon MPP GRAN MOUN NAN YON AYITI GRANMOUN, jan sa te parèt nan asanble jeneral santral MPP a.

Dokiman sa pase pran tou sa ki te jwenn dizon asanble jeneral santral MPP a ki te fèt soti 6 pou rive 10 fevriye 2013 la ak patisipasyon 576 delege.

2 – BRÈF BILAN FÒS MPP PANDAN 40 ANE EKZISTANS LI YO.

Jan nou di nan entwodiksyon an, genyen yon dokiman ki pral fèt sou bilan 40 ane MPP ki soti nan ankèt ki fèt sou teren an. Men, anpil militan MPP vle pou genyen yon ti rezime kèk gwou konsta ki fèt nan bilan 40 ane sa yo ki parèt nan dokiman oryantasyon jeneral Kongrè a.

Refleksyon nou fè nan MPP montre, nou globalman echwe lè nou gade kote nou ye apre 40 an nan lit pou chanjman sosyete peze souse a nan peyi Dayiti. Se yon jijman anpil manb MPP konsidere ki twò sevè paske yo konsidere MPP fè anpil bagay pozitif pou yo. Men, nou pa fè jijman sa selon sa nou reyalize, nou fè li an fonksyon Misyon MPP genyen pou rive bati : YON AYITI KOTE LÈT AK MYÈL AP KOULE ALAWONNBADÈ POU TOUT MOUN.

MPP vle rive nan yon chanjman sosyal. Chanjman sosyal la pou nou, se yon sosyete kote tout fòm eksplwatasyon ak dominasyon kaba, yon sosyete kote bezwen tout moun jwenn satisfaksyon total kapital. Yon sosyete ki chita sou solidarite total, yon sosyete kote tout dwa tout moun respekte.

Nou konstate pandan 40 ane sa yo, sitiyasyon global mas peyi yo ak mas popilè yo, an jeneral vin pi mal. Anviwònman peyi a degrade nèt. Peyi a vin pi restavèk chak jou nan zafè manje. Peyi Desalin ak Chalmay Peralt la pèdi endepandans li. Nou anba okipasyon etranjè. Depi tranbleman tè a, peyi a antre nan yon pwosesis REKOLONIZASYON kap vale teren.

Nou konstate Leta a vin pi kòwonpi chak jou. Leta a nan sèvis yon ti ponyen piyajè. Li klè tankou dlo kokoye, sitiyasyon mas yo pa kapab chanje san yon chanjman total kapital Leta piyajè a, Leta restavèk la. MPP pap janm kapab atenn objektif fondal natal li yo san Leta a pa chanje. Fòk mas yo pran konsyans nou anfas yon sistèm ekonomik ak sosyal, sistèm kapitalis la ki vin pi sovaj chak jou. Sistèm sa vle detri majorite moun kap viv sou planet la, yo vle detri planèt la menm lè ti ponyen piyajè a pa konnen kote yo pral viv.

Rezilta bilan an montre klè, MPP dwe angaje pi plis nan lit pou chanje Leta a, pou bati yon Leta ki mete majorite peyi a nan priorite li. Majorite sa se peyizan yo ki reprezante 80% popilasyon

an. Fòk peyizan yo lite pou yo tounen moun andedan. Yo pa fèt pou rete andeyò ankò. Sektè peyizan an dwe lite pou fè vanse yon pwojè sosyete peyizan.

Malgre nou rekonèt MPP pa rive atenn objektif fondal natal li pandan 40 ane ekzistans li yo, sa pa vle di MPP pa fè anyen ki ale nan sans pwojè sosyete lap lite pou li a. MPP reyalize anpil bagay enpòtan selon sa peyizan yo fè nan bilan 40 an yo ki fè li se yon fòs nan sosyete a. Me kèk bagay yo konsidere ki fè siksè mouvman an :

- Travay edikasyon, fòmasyon ak òganizasyon peyizan yo pèmèt peyizan konprann yo se MOUN. Yo gen dwa nan sosyete a. Peyizan yo se moun tankou tout moun. Se klas sosyal kap bwè san peyizan yo ki fè konprann yo pa moun tankou tout lòt moun. Se eksplwatasyon ak dominasyon ki te fè peyizan te konprann yo te enferyè. Yo te fè nou konprann se desten nou ki fè nou pòv, se parese nou parese ki fè nou pòv. MPP ede nou louvri je nou pou distenge kaka poul ak bè. Konsa nou konprann se eksplwatasyon ki kreye moun pòv, se pa desten.
- MPP fè nou menm peyizan, nou pa pè pale nan sosyete a. Li fè je nou kale. Li fè nou pa pè je pou manje tèt. Nou fyè pou di nou se peyizan. Peyizan manb MPP pa pè moun ankò.
- Kreyasyon Radyo Vwa Peyizan kòm pòt vwa nou kòm peyizan. Nou konn pèdi anpil nwit ap veye RVP paske se yon zouti enpòtan pou ranfòse lit MPP.
- MPP ede peyizan yo konprann, yo gen yon sèl chans se òganizasyon. Se pou sa deviz li se : ÒGANIZASYON OU LANMÒ. Gras a òganizasyon an, nou rive konbat anpil enjistis, anpil abi nou te konn sibi. Nou rive fè kochon kreyòl tounen nan peyi a, nou rive elimine zafè 2 batistè (yonn pou nèg lavil, yon lòt pou nèg andeyò). Nou rive elimine sistèm chèf seksyon an menm lè KASEK yo ranplase yo anpil kote. Nou rive elimine taks enjis nou tap peye sou tè Leta, elimine kat mache nan mache peyizan, taks nou tap peye sou yon bann bagay alòske taks say o pa itil peyizan anyen.
- MPP ede anpil jèn peyizan andedan Mouvmman an ale fè etid nan Inivèsite nan peyi a ak nan peyi etranje pou tounen vin mete konesans yo osèvis peyizan yo andedan MPP ak lòt enstitisyon. Genyen ki trayi, men se yon pwogram ki fè MPP fò. Se yon bagay ki ede garanti lavni nou kòm mouvman peyizan.
- MPP fè SOLIDARITE tounen yon prensip fondamantal ki dwe respekte nan tout kò mouvman an, andedan klas peyizan an. Pwoblèm yonn se pwoblèm lòt. Sa se pi gwo fòs MPP. Nou pral travay pou ranfòse solidarite nan tout nivo nan MPP. Solidarite a fè manb MPP yo santi yo pa sèl. Lapèn yon kongo se pou tout kongo.
- MPP mete kanpe yon seksyon fòmasyon ak asistans legal. Sa pèmèt peyizan konnen dwa yo. Sa pèmèt peyizan yo jwenn avoka gratis ti cheri pou defann yo nan tribinal lè yap fè yo abi. Peyizan manb MPP pa bannann mi ankò. Nou gen kapasite pou defann yon seri dwa nou.

- MPP kreye yon mouvman fanm peyizan andedan li kote fanm yo aprann yo pa esklav gason, yo pa bourik gason. Li fè fanm yo santi yo egal ego ak gason. MPP konbat vyolans kap fèt sou Fanm.
- MPP ap defann agrikilti peyizan kont agrikilti endistriyèl. Li fè gwo mobilizasyon kont semans OGM Monsanto ak tout miltinasyonal agwopwazon yo.
- MPP mete kanpe Mouvman Jèn Travayè Peyizan yo pou ede jèn yo òganize yo depi yo ti moun. Yo aprann renmen travay ak men yo, yo aprann pale nan sosyete, aprann viv ak lòt, aprann renmen anviwònman an, aprann renmen milye andeyò a, travay pou chanje sitiyasyon moun andeyò yo.
- MPP mete kanpe yon pwogram nasyonal fòmasyon kad peyizan sou plan òganizasyonèl, teknik ak politik.
- MPP genyen gwo baz ideyolojik ki fè, malgre tout gwo kou, tout gwo pataswèl li, pran, li reziste. Li la pi rèd. Li pliye anpil fwa, men li pa janm kase.
- MPP bay peyizan yo fòmasyon teknik sou agwo ekoloji pou pèmèt peyizan yo pwodwi manje ki sen, manje manje ki sen pou a tounen sou souvrennte alimantè.
- MPP ede peyizan yo konprann eksplwatasyon yo sibi nan pwosesis pwodiksyon an. Li ede yo kontwòle pwosesis pwodiksyon an anvan, pandan ak aprè pwodiksyon an (defans dwa sou tè, okipe tè leta, pwodwi, transfòm, manje, kòmèsyalize).
- MPP mete kanpe kès Sere Pou Chofe pou edike peyizan yo sou zafè ekonomi, pou yo mobilize epay peyizan yo pou fè pwogrè ekonomik ak sosyal ki soti nan baz peyizanri a (andojèn). Gen anpil travay ki dwe fèt toujou sou sa.
- MPP fè anpil travay konsèvasyon sòl ak rebwazman pou pwoteje anviwònman an epi ogmante pwodiksyon bwa ak fwi ki kapab amelyore sitiyasyon ekonomik fanmiy peyizan yo.
- MPP kreye vilaj ekolojik pou ede deplase tranbleman tè a rete nan milye riral la. Li vle devlope yon modèl desantralizasyon yon leta reskonsab kapab vilgarize.
- MPP rann yon seri sèvis Leta ta dwe rann popilasyon an tankou dlo potab, sèvis santé, sistèm irigasyon, konstriksyon sitèn, foraj pwi. Bagay sa yo genyen kote negatif yo paske sa fè anpil moun konprann MPP se leta.

.Sa se kèk bagay nou triye nan nan tou sa ki soti kòm bagay pozitif MPP fè. Tout bagay yo pral parèt nan dokiman nou pral pibliye sou sa apre kongrè a.

3 – KÈK BAGAY KI FÈ FEBLÈS MPP OU ECHÈK LI.

Pandan 40 ane MPP yo, akote èrè MPP ki kapab febli li, se sitiyasyon enstabilite politik, represyon politik, trayizon politik ki prensipal kòz feblès ak echèk MPP. Yonn nan bagay ki soti anpil nan bilan an, se api nou te bay mouvman lavalas la. Yo konsidere Aristid kòm moun ki bay

MPP ak mas popilè yo an jeneral pi gwo kou a. Se yon kou ki ta kapab touye tout koukou. Men, nou reziste.

Aprè Aristid, genyen Preval ki bay MPP gwo kou. Patisipe nan mete nèg sa yo sou pouvwa te kreye anpil ilizyon lakay manb yo ki te konprann sitiyasyon yo tapral chanje. Lè pouvwa lavalas la chèche kraze MPP, sa dekouraje anpil manb.

Represyon pouvwa militè yo kont MPP kreye yon mantalite pèrèz sitou lakay fanm yo ak jèn yo. Lenmi yo fè konprann si w antre nan MPP, ou pral kouri, ou pral pran baton. Represyon ak trayizon fè anpil moun pè antre nan MPP epi yo fè yon kantite manb MPP kouri kite òganizasyon an.

Lòt bagay ki soti kòm feblès MPP, se paske li toujou chwazi apiye yon seri kandida ki pa soti andedan òganizasyon an. An jeneral, tout moun sa yo trayi. Men, nou gen ekzanp moun ki soti nan vant òganizasyon an ki trayi. Se yon pwoblèm ki pral fè anpil deba andedan òganizasyon an paske genyen 2 tandans kap toke kòn yo.

Genyen yon tandans ki vle pou MPP pa kite kad li yo ale angaje yo nan mòd Leta tèt anba sa paske yo pap kapab chanje anyen, yap pi itil peyizan yo, itil peyi a nan travay andedan òganizasyon an ou nan lòt òganizasyon nan sosyete sivil la; genyen yon tandans ki vle se kad òganizasyon an ki dwe angaje yo nan zafè eleksyon paske MPP dwe sispann swen kòk bay Fizeme kare. Se yon deba kap kontinye paske sa pa senp.

Genyen kritik ki fèt sou api MPP bay a kandida ki soti nan lòt klas sosyal tankou Henry Becker. Se sitou zanmi MPP, advèsè MPP ki konsidere sa kòm èrè MPP fè. Nan MPP, nou konprann kritik sa yo, nou respekte yo. Men, rezon ki te fè nou pran desizyon konsa yo, nou te byen analize yo. Nou pa konsidere nou te fè èrè. Nou asime desizyon nou te pran yo.

Gen yon seri lòt bagay ki soti kòm feblès ou èrè MPP :

- MPP te dwe kontinye pwogram alfabetizasyon li te genyen an paske gen twòp manb MPP sitou fanm ki pa konn li.
- Genyen anpil manb MPP ki pa peye kotizasyon anyèl pou ede mouvman an mache pi byen.
- Gen move jesyon nan yon seri aktivite ekonomik nan zòn yo.
- Gen pati pri nan chwa moun sou teren an kap vin pran fòmasyon onivo santral.
- Genyen move dirijan ki pa respekte prensip MPP yo.
- Genyen move jesyon kèk byen MPP sou teren an.
- Anpil gwoupman pa fè travay pwodiksyon ankò epi genyen sa ki pa te janm antre nan travay pwodiksyon pou kreye riches pwòp.
- Genyen anpil aktivite ekonomik MPP ki pa mache byen pou yon rezon ou lòt (koperativ pwodiksyon agrikòl, koperativ transfòmasyon ak kòmèsyalizasyon).

- Pa gen kontra fòmèl ak moun MPP voye etidye yo sou kantite tan yo dwe rete travay andedan òganizasyon an.
- MPP manke gaye enfòmasyon sou travay lap fè yo.
- MPP manke devlope aktivite otofinansman pou li diminye depandans li nan finansman pwogram li yo.
- Anpil gwoupman pa reyini, yo pa patisipe nan asanble lokal ak zòn yo.
- Fòmasyon politik manb yo manke fèt. Yo pa fin distenge sa ki wòl MPP ak sa ki wòl Leta.
- Aktivite MPP yo tankou konsèvasyon sòl, mete kanpe pepinyè nan tout zòn yo pa fèt ankò.
- Genyen twòp tolerans lè gen dirijan ki fè betiz.
- MPP manke òganize swivi sou teren an.
- MPP twò fèb sou plan ekonomik.

Genyen anpil feblès ki parèt nan bilan an ki mare ak kèk zòn espesifik kote responsab yo dwe panche sou yo. Gen bagay ki bay kòm feblès paske MPP pa pi angaje nan batay politik.

4 – DESIZYON KI SOTI NAN ASANBLE JENERAL MPP A KÒM PWOPOZISYON POU KONGRÈ A.

Nap raple tèm asanble jeneral la : *YON MPP GRANMOUN, NAN YON AYITI GRANMOUN.*

Se nan lespri granmoun sa pou nou konprann tout desizyon yo ki soti nan asanble jeneral la vini nan kongrè a ki gen pou diskite yo, korije si gen bagay ki merite korije, konplete si gen bagay ki merite konplete, retire si gen bagay ki merite retire apre deba nan kongrè a.

Tou sa ki apwouve nan asanble a pral tounen règ jwèt ki pral gide MPP nan wout li pou 10 ane kap vini yo. Nou pral evalye yo nan 5 ane.

4.1 – Pou ranfòse estrikti òganizasyon an nan 10 ane kap vini yo.

3.1.1 – Nan gwoupman yo.

- Gwoupman yo dwe byen fòmè anvan yo antre nan MPP. Sa mande pou gen animatris ak animatè ki kapab fè travay la byen.

- Gwoupman yo dwe byen fòmè sou sans responsablite nan gwoupman. Reskonsab yo dwe konnen yo pa chèf, se gwoupman yo ki chèf, se sèvitè yo ye. Yo dwe byen chwazi paske se nan yo pi gwo dirijan MPP yo pral soti. Bagay sa yo dwe byen klè anvan gen eleksyon nan gwoupman an. Manb yo dwe veye jan responsab yo ap dirije.

- Gwoupman yo dwe reyini chak semèn. Reyinyon yo dwe byen prepare. Sa mande yon bon fòmasyon pou reskonsab gwoupman y apre yo fin eli.

- Chak gwoupman dwe genyen yon aktivite pwodiksyon (yon aktivite agrikòl de preferans) yon aktivite ekonomik ki pa gen eksplwatasyon pwodiktè ou pwodiktris.
- Solidarite ant manb gwoupman e ant gwoupman yo se yon prensip sakre ki dwe toujou respekte.
- Gwoupman yo dwe patisipe nan tout konvokasyon MPP fè. Yo dwe reponn prezans nan asanble lokal yo chak mwa. Yo dwe pote kontribisyon yo nan reyalizasyon asanble lokal ak zòn yo.
- Gwoupman yo dwe tabli regleman tout manb yo dwe respekte.

4.1.2 – Nan lokalite yo.

- Chak gwoupman dwe asire prezans tout manb li yo nan asanble lokal la chak mwa.
- Dwe gen sanksyon pou gwoupman ki pa vini yo. Chak asanble lokal ap deside sou fòm sanksyon yap bay yon gwoupman ki absan.
- Dwe genyen fòmasyon ki fèt pou asanble lokal yo anvan yo fè eleksyon dirijan yo. Dirijan yo dwe byen chwazi paske yo pral monte nan komite kòdinasyon zòn yo ki kapab mennen yo nan komite kòdinasyon santral MPP. Dirijan ak dirijant asanble lokal yo dwe konnen yo dwe disponib pou pi gwo chay nan òganizasyon an.
- Asanble lokal yo dwe genyen pwogram byen prepare ki pèmèt manb yo diskite sou tout pwogram kap fèt nan lokalite a, sou pwogram ki dwe mete kanpe, evalye sa kap fèt yo, planfiye sa ki dwe fèt. Chak asanble dwe yon sesyon fòmasyon. Tout teknisyen MPP ki travay nan lokalite a dwe patisipe fòmèlman. Dirijan ou dirijan kap soti nan nivo santral vin debat tèm yo ak asanble a.
- Li swetab pou asanble a kapab genyen manje pou pèmèt manb yo pa anvè kouri ale paske yo grangou. Responsab yo dwe jwenn fason pou yo regle sa.
- Asanble lokal la dwe kòdone aktivite ant manb li yo e ant lokalite a ak lòt yo lè gen bezwen pote kole ak lòt swa lè yo nan ka, swa pou defann manb kont abi ak enjisitis.

4.1.3 – Nan nivo zòn yo.

- Chak lokalite dwe asire prezans tout gwoupman ki konpoze lokalite a nan asanble zòn yo chak 3 mwa.
- Dwe gen sanksyon zòn lan dwe prevwa pou asanble lokal ki pa aktif nan asanble zòn yo. Se chak zòn kap gade ki kalite sanksyon yap bay moun ki absan yo.
- Dwe gen fòmasyon ki fèt nan asanble zòn yo pou yo konnen wòl yo anvan yo eli dirijan ak dirijan yo ki dwe byen konnen wòl yo, asanble a dwe byen konnen wòl li egalman.

- Yon asanble zòn dwe trè byen prepare. Li dwe kapab bay tout enfòmasyon sou sa kap pase nan lòt nivo yo nan MPP. Li dwe evalye tout aktivite MPP ap mennen nan zòn lan. Responsab tout aktivite yo nan zòn lan dwe vin rann kont sou mach aktivite yo. Li dwe planifye tout aktivite yo nan zòn lan pou trimès kap vini an.

Asanble zòn lan dwe yon veritab espas enfòmasyon sou tout aktivite MPP, yon espas fòmasyon, yon espas rekreyasyon chak 3 mwa. Li dwe byen prepare. Li dwe gen bagay ki atire manb gwoupman yo, ki fè yo pa santi yo kapab absan nan asanble sa.

Komite kòdinasyon zòn lan dwe reyini pou prepare asanble a ansanm ak tout manb ekip MPP a ki travay nan zòn lan. KKZ lan kapab envite moun nan nenpòt seksyon MPP pou vin travay sou tèms ki entèrese asanble zòn lan.

5 – SA NOU DWE FÈ POU MPP GRANMOUN SOU PLAN EKONOMIK.

5.1 – Nan nivo gwoupman yo.

- Gwoupman yo dwe mennen aktivite pwodiksyon : Jaden, elvaj, atizana, mityèl solidarite. Gwoupman yo dwe gen jaden kolektif, fè elvaj kolektif, fè atizana kolektif.

- Manb gwoupman yo dwe mete yon pa sosyal valab pou yo kapab envesti nan kreye richès. Yo kapab konplete kapital sosyal yo te mete lè gwoupman an tap fòme. Gen yon lide pou chak manb ta mete 5 goud nan kès gwoupman an chak semèn.

- Tout gwoupman dwe peye kotizasyon yo nan MPP. Sa ki pa peye, pran gwo sanksyon kont yo. Kotizasyon yo dwe peye chak ane. Gwoupman ki pa vle peye, mete yo deyò.

- MPP dwe bay gwoupman yo fòmasyon sou jesyon aktivite ekonomik yo.

- Règleman gwoupman yo dwe respekte.

- Chak gwoupman dwe genyen yon kanè Sere Pou Chofe.

- Tout manb gwoupman dwe manb SPC.

- Aktivite pwodiksyon gwoupman yo dwe jwenn asistans teknik lè sa nesèsè.

- Mete filozofi ze poul la nan aplikasyon nan tout gwoupman.

- Chak gwoupman dwe bay 5% nan rekòt ou benefis yo fè nan aktivite ekonomik yo pou ale onivo Santral. 2% dwe itilize pou aktivite nan zòn yo, 3% pou nivo santral.

- Gwoupman yo dwe patisipe nan aktivite ekonomik kolektiv onivo lokal ak zòn pou otofinansman MPP.

5.2. – Nan nivo asanble lokal yo.

- Chak asanble lokal dwe mennen aktivite pwodiksyon agrikòl , aktivite elvaj pou otofinansman MPP. 50% rekòt yo dwe ale onivo santral, 25% pou aktivite nan lokalite a, 25% pou aktivite nan zòn lan. Tout gwoupman yo dwe patisipe nan aktivite sa yo. Sa ki pa patisipe dwe sansyone.
- Dwe gen yon jesyon kòrèk aktivite otofinansman nan lokalite yo pou evite gaspiyaj ak kòripsyon.
- Chak gwoupman dwe peye yon kotizasyon pou kreye yon kès solidarite o nivo chak asanble lokal. Asanble lokal la ap depoze lajan sa sou yon kont nan SPC. Règleman dwe fèt ak èd seksyon edikasyon an pou mete règleman sou sèvis kès solidarite sa pral bay. Li dwe ede manb gwoupman yo ki gran moun ki pa kapab travay ankò lè yo malad.
- Asanble lokal yo dwe ede manb gwoupman ki fin gran moun yo travay jaden yo.
- Chak lokalite dwe mete kanpe yon bank semans natif natal.
- Ekip teknik MPP a dwe bay ankadreman teknik lè sa nesèsè nan aktivite ekonomik yo nan lokalite yo.
- Ekip ekonomik lan dwe pote kole nan fè plan zafè yo (plan biznis), li dwe bay fòmasyon nan jesyon.
- Komite kòdinasyon lokal yo dwe gen je louvri sou byen MPP nan lokalite a.
- Gwoupman yo reskonsab finansman asanble lokal yo (zafè manje).

5.3 – Nan nivo zòn yo.

- Chak zòn dwe jere yon fèm agrikòl pou otofinansman MPP. Asanble lokal yo dwe patisipe nan travay sou fèm sa. Nou rekòmande pou se forè ak vèje (fwitye) ki prensipal aktivite fèm sa yo. Sa kapab plantasyon kann kote sa posib. Sa kapab elvaj egalman, se analiz ekonomik yo kap montre sa ki pi bon pou fèt. Sa dwe kòmanse touswit kote MPP genyen tè. Kote ki pa gen tè, zòn lan dwe chèche. 50% nan benefis fèm sa yo ap sèvi pou otofinansman zòn lan, 50% prale onivo santral.
- Zòn lan dwe louvri yon kont nan SPC pou depoze lajan zòn lan.
- Asanble lokal yo dwe bay yon kotizasyon pou kreye kès solidarite nan nivo zòn yo. Dwe gen yon komite solidarite jere kès sa selon règ jwèt yo ki dwe tabli ak èd seksyon edikasyon/òganizasyon an.

- Ekip ekonomik lan dwe fòme moun ki gen kapasite pou jere tout aktivite ekonomik yo nan nivo zòn yo.
- Aktivite transfòmasyon pwodwi agrikòl yo nan zòn yo (moulen mayi ak pitimi, moulen kann, kasavri) dwe bay 10% nan benefis yo pou edikasyon ak fòmasyonnan MPP.
- Fè envantè tè MPP, tè KOSMIKA achte ou okipe pou mete yo an valè. Mete plantasyon bwa fwitye ak forestye sou sa ki pap pwodwi manje yo.
- Mete mekanism sou pye pou konbat kòripsyon andedan aktivite ekonomik yo nan zòn lan.
- Ekip teknik, ekip ekonomik ak ekip edikasyon/òganizasyon an dwe bay zòn kap mennen aktivite ekonomik yo tout asistans teknik yo merite.
- Dwe genyen fòmasyon ideyolojik ak politik ki òganize o nivo zòn yo.

5.4 – Nan nivo santral.

- Ede mete kanpe SPC nan tout seksyon kominal yo, kreye koperativ dezyèm nivo ak yo. Ba yo tout asistans teknik ak swivi ki nesèsè pou yo fonksyone kòm sa dwa. SPC dwe tounen motè ekonomik mouvman an.
- Ranfòse seksyon asistans legal la pou fòme manb yo nan zafè lalwa, pou defann manb yo nan lajistis lè yap fè yo abi, pou pouswiv moun ki dwe nan koperativ kredi yo ki pa peye dèt yo. Fè yo peye epi mete yo deyò nan òganizasyon an.
- Kreye yon fon asistans legal ak yon pati nan kotizasyon manb yo ak yon pousantaj nan aktivite ekonomik yo kap devlope nan tout nivo.
- Etidye relasyon ki kapab genyen ant mityèl solidarite ak SPC pou yonn ta kapab ranfòse lòt.
- Devlope bon jan sistèm marketing pou kòmèsyalize pwodwi MPP yo o nivo nasyonal ak entènasyonal.
- Mete kanpe gwo fèm pwodiksyon agrikòl ki dwe sèvi ni pou eksperyans ak rechèch ni pou otofinansman MPP.
- Mete kanpe rezo magazen entran ak pwodwi premyè nesèsite nan komin yo.
- Kontinye travay fòmasyon jèn yo o nivo teknik ak Inivèsité yo pou nou toujou gen teknisyen nan tout domèn pou ankadre pwogram MPP yo.
- Devlope pwogram atelye pano solè a pou li tounen yon veritab aktivite otofinansman MPP.
- Mete kanpe komite swivi ak kontwòl byen MPP nan tout nivo pou evite gaspiyaj epi bare kòripsyon. Si gen volè, mete yo anba kòd.

- Restriktire KOSMIKA, reprann epi ranfòse aktivite li yo ki rantab.
- Mete estrikti ki pèmèt kotizasyon anyèl manb yo, gwoupman yo, lokalite yo rive nan nivo santral.
- Anplwaye MPP yo dwe peye yon pousantaj sou salè yo pou ede nan ofinansman MPP.
- SPC dwe devlope yon politik investisman nan aktivite pwodiksyon ak transfòmasyon kredi agrikòl.
- Chèche posiblite investisman ki kapab ede MPP diminye depandans li de èd entènasyonal. Manb yo dwe elimine mantalite kwi la.

Fòk tout kad yo, tout anplwaye MPP pran travay yo oserye. Fòk komite kòdinasyon santral la pran responsablite li pou fè respekte estati ak règleman MPP yo, pou fè respekte tout desizyon yo ki soti nan kongrè a.

Dwe gen yon travay enfòmasyon ki dwe planifye touswit aprè kongrè a pou tout manb yo konnen desizyon ki pran yo.

5.5 - Fanm MPP.

Lide fanm MPP yo antre nan tout sa ki soti ekri deja nan dokiman sa. Men asanble fanm MPP vle souliye kèk bagay ki gen pou wè espesyalman ak fanm yo.

Premyèman, fanm yo vle souliye kèk gwo feblès yo genyen :

- Majorite fanm yo pa konn li ak ekri.
- Fanm yo manke fòmasyon. Sa lakòz nivo konsyans politik majorite nan yo twò ba.
- Manke animatris pou fè fòmasyon pou fanm yo nan anpil zòn.
- Fanm yo manke mennen aktivite ekonomik. Majorite nan yo pa manb SPC.
- Genyen yon mank solidarite ant Fanm yo alòske sa ta enpòtan pou nou defann enterè nou kòm fanm nan tout nivo.

Asanble Fanm MPP yo mande pou :

- Gwoupman fanm yo angaje nan aktivite ekonomik yo tankou fè jaden, fè elvaj, antre nan koperativ yo espesyalman nan SPC kap kapab ede yo jwenn lajan pou mennen aktivite ekonomik.
- Gwoupman fanm yo dwe angaje nan pwodiksyon ak transfòmasyon plant medisinal pou pwodwi medikaman natirèl.
- Dwe genyen rapido presto yon pwogram alfabetizasyon pou pèmèt fanm yo aprann li ak ekri. Fanm ki konn li yo dwe ede sa ki pa konn li.
- Dwe gen pwogram fòmasyon politik ak ideyolojik pou fanm yo.

- Dwe gen solidarite ant fanm yo paske pwoblèm yon fanm dwe pwoblèm tout fanm MPP yo.
- Dwe gen mezi ki pran pou genyen bon jesyon nan byen gwoupman fanm yo.
- Chak fanm MPP dwe fè yon lòt fanm antre nan gwoupman chak ane. Konsa, chak gwoupman fanm dwe akouche yon lòt gwoupman fanm.
- Fanm yo dwe jwenn asistans legal lè yo viktim anba vyolans mesye yo. Pou sa fòk fanm yo pa nan kase fèy kouvri sa pou mesye kap fè vyolans yo.
- MPP dwe kenbe prensip pou mete gason ki bat fanm yo deyò nan òganizasyon an.

Priyorite nou mande ki dwe antre nan priyorite MPP yo :

- MPP dwe kontinye travay pou nou rive tout bon nan 50% fanm, 50% gason nan 10 ane. (2023).
- 90% fanm MPP dwe konn li nan 5 ane kap vini yo.
- Tout moun ki di yo manb MPP dwe fè efò pou tout moun lakay yo vin manb MPP espesyalman fanm ak jèn yo.
- Mete kanpe yon pwogram fòmasyon ideyolojik ak politik nan Mouvman Fanm lan.
- Dwe genyen fòmasyon nouvo animatris pou bay fanm yo plis ankadreman.
- Fanm yo dwe genyen patisipasyon egal ego nan tout pwogram MPP ap fè. Sa dwe parèt aklè nan bidjè MPP.
- Fanm yo dwe angaje nan travay pwodiksyon manje natif natal ak pwoteksyon anviwònman pou kreye yon pi bon lavi nan milye kota yap viv la.
- Fanm yo dwe fè pwomosyon resèt kizin ansyen fanm peyizan yo ak pwodwi natirèl ki bon pou lasante.

5.6 – Asanble Mouvman Jèn Travayè Peyizan (JTP).

Nou menm jèn yo, menm lè nou patisipe nan tout desizyon ki pran ni nan asanble fanm yo, ni nan asanble jeneral MPP, nou genyen bagay ki gen pou wè ak nou espesyalman ki soti nan asanble nou an pou nou prezante bay kongrè a :

Me kèk gwo feblès nou idantifye nan mouvman jèn MPP a :

- Nou pa gen animatè/tris kap travay dirèkteman ak mouvman jèn lan. Animatè/tris sou teren an manke tan, yo manke fòmasyon espesyalize pou travay ak jèn yo.
- Jèn yo manke fòmasyon sou filozofi mouvman JTP a andedan MPP.
- Manke travay sansibilizasyon pou ankouraje jèn yo antre nan Mouvman an.
- Sitiyasyon politik peyi a jwe sou mouvman jèn lan. Sa fè gen jèn ki pè antre nan òganizasyon, gen jèn ki kite peyi a ale Sendomeng.
- Jèn yo manke fòmasyon politik ak ideyolojik.
- Jèn yo wè sèlman nan enterè imedya. Yo ta vle pou MPP voye yo etidye, fè yo jwenn travay.

- Anpil paran pa vle jèn yo antre nan JTP sitou pou ti fi yo.
- Manke envestisman ki fèt pou mouvman jèn lan.

Me pwopozisyon asanble a fè pou ranfòse JTP :

- Mete estrikti JD MPP a kanpe tout bon pou bay jèn yo fòmasyon politik ak ideyolik.
- Fòmè animatè/tris konpetan pou travay ak jèn yo.
- Chak Gwoupman jèn yo dwe mennen aktivite ki kapab pèmèt yo gen kès. MPP dwe ede yo gen fòmasyon sou jesyon.
- Tout jèn MPP voye etidye dwe tounen nan gwoupman jèn kote yo te soti a.
- MPP dwe entegre jèn yo nan aktivite transfòmasyon pwodwi agrikòl yo.
- MPP dwe pran dispozisyon pou ranfòse JTP nan tout komin yo.

Priyorite jèn yo fikse pou 10 ane kap vini yo :

- Chak jèn ki manb JTP dwe travay pou fè omwens yon jèn antre nan mouvman an chak ane.
- Fòmè animatè ak animatris ki soti andedan mouvman jèn lan pou travay ak jèn yo.
- Mete kanpe pwogram fòmasyon ideyolojik ak politik nan JTP. Travay fòmasyon sa dwe travèse PPJTP, PJTP ak JTP pou yo byen konprann mouvman an.
- Ankouraje jèn yo kreye aktivite ekonomik, ankouraje yo antre nan SPC. Fè yo konprann enpòtans aktivite ekonomik yo.
- Nan kad pwoteksyon anviwònman MPP ap pwonnen an, chak jèn manb JTP dwe plante 25 pye bwa chak ane andedan yon sistèm agwo ekolojik.
- Mouvman jèn lan dwe travay pou kontwole pouvwa politik la o nivo lokal.
- MPP dwe kontinye chèche bous etid pou jèn yo ale nan Inivèsite.
- Mete yon pwogram alfabetizasyon sou pye pou jèn ki pa konn li ak ekri yo.
- Kreye yon fon kap pèmèt jèn yo jwenn kredi pou reyalize aktivite ekonomik rantab.
- Pwodwi tout dokiman ki gen rapò ak JTP, fè yo rive toupatou sou teren an.
- Ranfòse aktivite kiltirèl ak rekreatif nan tout zòn yo pou dekouvri talan jèn yo.
- Òganize kan jèn yo chak ane epi chèche pou jèn MPP patisipe nan kan entènasyonal jèn CLOC ak La Vía Campesina o nivo entènasyonal.
- Jèn yo dwe patisipe nan tout aktivite sosyal, ekonomik, politik MPP ap mennen.
- MPP dwe sipòte JTP pou li reyalize rekòmandasyon sa yo nou bay tèt nou.

6– Gwo priyorite MPP dwe travay sou yo pandan 10 ane kap vini yo.

- Ranfòse travay edikasyon popilè, travay fòmasyon ideyolojik ak politik pou gonfle fòs mouvman an. Fòmasyon an dwe touche moun nan tout nivo òganizasyon an.

- Travay pou vanse nan chanjman Leta a apati seksyon kominal yo jis nan pi wo nivo. Nou dwe rive gen kontwòl kolektivite lokal yo.
- Ranfòse pwogram kap fè MPP vin pi granmoun sou plan ekonomik nan 10 ane kap vini yo. Travay sou plantasyon ak transfòmasyon kann, elvaj, SPC, koperativ pwodiksyon, transfòmasyon ak kòmèsyalizasyon pwodwi agrikòl yo.
- Ranfòse aksyon solidarite yo nan domèn travay ansanm, ka maladi, ka lanmò, ka enjistis sou tout fòm.
- Mete kanpe yon pwogram alfabetizasyon pou rezoud pwoblèm pa konn li nan òganizasyon an. Alfabetizasyon fanm yo dwe gen priyorite.
- Fè plis fòmasyon nan zafè agwo ekoloji pou tout manb MPP yo kapab angaje pi plis nan lit pou defann anviwònman, nan lit pou souvrennte alimantè a.
- Ranfòse pwogram jesyon entegral dlo a (kaptaj sous, sitèn, fouye pwi, lak kolinè, enplivyòm, ti sistèm irigasyon, sèy an beton ets).
- Ranfòse règ jwèt yo nan MPP, fè tout moun respekte yo.
- Ranfòse pwogram konsèvasyon sòl ak rebwazman an nan tout zòn yo.
- Kontinye travay pou defann, ranfòse agrikilti peyizan yo pou Ayiti tounen granmoun nan zafè manje natif natal (souvrennte alimantè)
- Kontinye epi ranfòse pwogram fòmasyon jèn yo nan nivo inivèsitè ak teknik nan diferan domèn sitou nan syans sosyal yo nan tan kap vini yo. Chèche plis bous etid pou yo.
- Ranfòse travay mobilizasyon epay peyizan yo nan fè plis sansibilizasyon ak fòmasyon, nan monte plis SPC epi mete kanpe bon jan sistèm jesyon nan yo. Dwe gen yon SPC nan chak seksyon kominal.
- Mete kanpe yon pwogram kreyasyon mityèl kredi pou ranfòse pwogram kredi pou envestisman andedan mouvman an.
- Fè aksyon konkrèt ki kapab ede MPP genyen 50% fanm ak 50% gason nan ane 2023.
- Ranfòse pwogram fòmasyon ak asistans legal la, ede peyizan yo defann tèt yo nan tribinal lè yap sibi enjistis.
- Fòme plis animate ak animatris, mete kanpe yon pwogram fòmasyon pèmanan pou ansyen yo ki toujou byen angaje nan travay la.

- Kontinye LIT POU YON REFÒM AGRÈ ENTEGRAL. Lite kont dappiyanp kap fèt sou tè peyi a swa pou zòn franch, swa pou fè plantasyon, swa pou volè min, swa konsesyon pou fè gwo pwojè touristik.
- Mete kanpe bon jan pwogram kominikasyon pou fè tout moun konnen sa kap pase nan MPP, pou ede manb yo ak tout moun pi konnen sa MPP ap mennen, kote li vle ale.
- Kreye fason pou ede manb ki fin gran moun yo sou plan ekonomik ak sosyal.
- Ranfòse pwogram transfòmasyon ak kòmèsyalizasyon pwodwi agrikòl yo.
- Ranfòse devlopman pwogram enèji altènativ yo nan milye peyizan yo.
- Travay sou zafè sante ak edikasyon. (Sa parèt kòm yonn nan pi gwo priyorite yo nan bilan sou teren an. Men yo pa di kòman sa dwe fèt. Eske sa pa dwe antre nan batay pou chanje Leta a) ?
- Goumen kont kòripsyon andedan òganizasyon an ak nan estitisyon Leta yo tankou tribinal yo, DGI, lakay notè ak apantè yo.
- Batay pou Leta pran reskonsablite li nan bay peyizan yo sèvis tankou dlo potab, wout, lekòl, dispansè, elektrisite, sistèm irigasyon etc.

7 – 5 pi gwo priyorite MPP dwe travay sou yo pandan 5 ane kap vini yo (2013-2018).

7.1 – Edikasyon/Fòmasyon/òganizasyon/ mobilizasyon.

- a) – Mete kanpe yon pwogram alfabetizasyon pou pèmèt tout manb ki pa konn li yo, manb ki vle aprann li yo kapab jwenn chans fè sa. Responsab yo dwe fè envantè moun ki pa konn li yon an tout gwoupman yo, nan tout zòn yo pi vit posib.
- b) Monte yon pwogram fòmasyon ideyolojik ak politik ki touche dirijan ak dirijant yon an tout nivo, ekip teknik yo, manb gwoupman yo. Yon aksan espesyal dwe mete sou KD ak JD yo.
- c) Ranfòse pwogram fòmasyon animatè ak animatris pou chanjman sosyal yo ak yon priyorite pou fòmasyon jèn ak fanm.
- d) Ranfòse pwogram fòmasyon nan agwo ekoloji pou tout manb MPP yo ak yon priyorite pou jèn antreprenè agwo ekolojik yo.
- e) Travay pou ogmante gwoupman jèn yo, gwoupman fanm yo an kantite ak kalite.
- f) Fè yon travay sansibilizasyon pa tout mwayen pou mobilize epay pèp la andedan Sere Pou Chofe ak mityèl kredi.

g) Fè Fòmasyon sou montaj ak jesyon tout kalite koperativ pwodiksyon, transfòmasyon ak kòmèsyalizasyon pwodwi agrikòl yo.

h) Fè travay edikasyon, kominikasyon a travè Radyo Vwa Peyizan ak tout lòt mwayen kominikasyon sosyal yo sou prensipal revandikasyon, prensipal pwogram nap mennen yo pou fè lit òganizasyon an vanse.

i) Devlope tout kalite materyèl vizyèl, odyovizyèl pouf è pwogram edikasyon an popilè a vanse. Kontinye itilize chante, teyat, dans kòm mwayen edikasyon ak fòmasyon.

j) Ranfòse mobilizasyon sou zafè refòm agrè, sou defans anviwònman, kont dappiyanp sou resous natirèl peyi a, kont miltinasyonal yo.

k) Devlope tout inisyativ ki kapab ranfòse solidarite nan tout nivo andedan MPP.

l) Mennen tout mobilizasyon ak tout aksyon pou defann enterè imedyà, sitou enterè estratejik peyizan yo tankou semans lokal, tankou latè ; pou konbat miltinasyonal yo, konbat okipasyon peyi a, konbat dappiyanp sou tout resous natirèl yo tankou min lò yo etsetera.

m) Kontinye pwogram fòmasyon jèn nan Inivèsite. Se jèn ki pi angaje nan JTP kid we gen chans sa epi yo dwe siyen kontra ak MPP pou yo tounen vin mete konesans yon an mouvman an, nan gwoupman kote yo te soti a.

7.2 – Ranfòsman ak defans agrikilti peyizan yo (agwo ekoloji) kòm wout pou mennen nan yon Ayiti granmoun ankò nan zafè manje natif natal (souvrennte alimantè).

a) Ede peyizan yo ranfòse konesans yon an zafè pwodiksyon manje ki sen ak metòd agwo ekolojik.

b) Ranfòse kapasite peyizan yo nan pwodiksyon angrè ak pèstisid natirèl.

c) Kontinye pwogram pwodiksyon ak seleksyon semans natirèl epi mete kanpe bank semans natif natal ki konsève ak metòd natirèl.

d) Ranfòse pwogram jaden prekay la pou li tounen yon gwo zouti nan zafè souvrennte alimantè fanmiy peyizan yo.

e) Ranfòse pwogram pwodiksyon, transfòmasyon ak kòmèsyalizasyon pwodwi agrikòl yo.

f) Chèche devlope mache lokal pou pèmèt moun nan vil yo vin achete manje ki bon pou lasante yo nan mache peyizan yo kote yap jwenn pwodwi òganik.

g) Etidye posiblite sètifikasyon pwodwi òganik peyizan yo pou yo jwenn pi bon pri pou pwodwi yo.

- h) Konbat zafè mache lib la kap touye agrikilti peyizan yo.
- i) Kontinye fè pwomosyon konsomasyon pwodwi peyizan yo kont manje pèpè.

7.3 – Ranfòse pwogram jesyon entegral la dlo, refeksyon ak pwoteksyon anviwònman an.

Dlo se lavi. Dlo se yon byen komen osèvis tout moun. Li fin tounen machandiz. MPP dwe kontinye devlope tout teknik pou jere dlo. Men, li dwe lite pou fè otorite lokal ak rejyonal yo enplike, patisipe, pran responsablite pi plis nan zafè dlo.

Menm jan an tou, MPP dwe makònen fòs ak lòt òganizasyon peyizan nan peyi a pou fòse leta investi nan nan aktivite refeksyon ak pwoteksyon anviwònman an. Pouse leta investi nan mete pepinyè kanpe nan tout seksyon kominal yo.

- a) MPP dwe kontinye travay sou teknik konstriksyon sitèn, konstriksyon sèy an beton, foraj pwi, konstriksyon sitèn, kaptaj sous, sistèm irigasyon, kreyasyon enplivyòm, sistèm goutagout ak trètman dlo ki soti nan kizin ak nan douch pou fè agrikilti.
- b) Kontinye ankouraje peyizan yo monte brigad konsèvasyon sòl ak plantasyon pye bwa ki bay fwi ak pye bwa ki kapab bay enèji.
- c) Kontinye pwogram pwodiksyon pye bwa nan pepinyè pou distribye bay fanmiy peyizan yo kap plante yo nan yon sistèm agwosilvikòl.
- d) Kontinye travay rechèch sou enèji dirab tankou chabon altènativ, brikèt pay, recho amelyore. Kontinye devlope pwogram enèji solè a epi kontinye fè rechèch sou tout lòt fòm enèji renouvlab.

7.4 – Ranfòsman aktivite ekonomik yo nan tout nivo pou ede MPP pi granmoun sou plan finansye.

Asanble jeneral yo bay tout chemen MPP dwe pase nan tout nivo pou li vin pi granmoun sou plan ekonomik ak finansye. MPP dwe travay pou fè tout pwopozisyon asanble yo tounen reyalite. Pami tout aktivite yo, nap bay priyorite a aktivite sa yo depi etid montre yap rantab.

- a) Mete kanpe tout kalite estrateji pou fè SPC tounen veritab bank peyizan yo pou finance yon aktivite pwodiksyon, transfòmasyon ak kòmèsyalizasyon pwodwi agrikòl yo. Tout mezi dwe pran pou tout manb MPP tounen bon manb SPC, pou tout gwoupman yo tounen bon manb SPC.
- b) Mete kanpe fèm pwodiksyon ak transfòmasyon agrikòl onivo zòn yo ak ako nivo santral. Priyorite se vèje, pwodiksyon kann, manyòk ak elvaj.
- c) Ranfòse atelye pano solè a pou li kapab tounen yon aktivite ekonomik rantab pou otofinansman MPP.
- d) Ranfòse Sant LAKAY pou likapab kontribye nan otofinansman MPP.

7.5 – Ranfòse aksyon pou bati, kontwole pouvwa lokal yo ki dwe debouche sou konstriksyon yon lòt mòd pouvwa Leta onivo nasyonal.

Jan nou te konstate sa nan bilan 40 ane MPP sou teren an, MPP pap janm kapab reyalize rèv sosyete kote Lèt ak Myèl ap koule alawonnbadè pou tout moun lan, tout tan gen yon leta piyajè, yon leta restavèk, yon leta nan sèvis yon ti ponyen moun, yon leta ki mete mas peyizan ak popilè yo deyò. Yo rele nou moun andeyò.

Nou menm peyizan yo nou reprezante plis pase 70% popilasyon peyi a. Men nou kite yo lote nou tankou patat, yo gaye nou, yo sèvi ak nou pou rive nan pouvwa epi anyen, epi yo bliye nou. Me sa nou pral defann nan 5 ane kap vini yo sou plan politik :

- a) MPP dwe rete yon mouvman peyizan granmoun, endepandan jan sa ekri nan estate li. Li pap janm tounen yon pati politik ni fonn nan okenn pati politik. Men nou vle patisipe nan konstriksyon yon pati politik kap pote pwojè sosyete peyizan yo, yon pati politik ki se ekspresyon pwojè peyizan an. Manb nou yo gen dwa milite andedan yon pati konsa. Yo kapab pote kole kolektivman ak tout kandida nan pati sa kap pote pwojè sosyete peyizan.
- b) MPP ap gonfle fòs li pou li kapab kontwole pouvwa lokal yo, ekzije pouvwa lokal yo bay revandikasyon peyizan yo satisfaksyon, fè pouvwa lokal yo rann kont sou jesyon resous Leta ki antre nan men yo.
- c) Devlope pwogram pledwaye, pwogram mobilizasyon nan tout nivo pou pouse Leta pran responsablite l.
- d) Devlope politik alyans ak lòt òganizasyon peyizan ak popilè pou konstri lòt mòd Leta a.
- e) Lite pou eleksyon tounen yon ekspresyon sovrennte nasyonal. Lajan pou fè eleksyon dwe prevwa nan bidjè peyi a.
- f) Mobilize kont tout pwosesis eleksyon fo mamit nan peyi a jis nou rive nan yon sistèm elektoral kote vòt popilè a respekte.
- g) Fòme militant ak militant MPP yo pou yo kapab gen kapasite pou pran responsablite politik nan peyi a.

Atansyon 5 gwo priyorite sa yo pa klase nan lòd enpòtans. Premye a fondamantal men nou dwe travay sou li pandan nap travay sou tout lòt yo an menm tan.

Delege kongrè a dwe ale pote nan nouvèl la nan tout gwoupman yo, tout asanble lokal, tout asanble zòn yo. Nou tout dwe veye jan nap mete an pratik tout oryantasyon, tout priyorite nou fin fikse nan kongrè a.

Òganizasyon ou lanmò !